BAB III
MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode panalungtikan nya éta cara, léngkah-léngkah sistematis nu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data, nganalisis data, napsirkeun jeung nyindekkeun hasil panalungtikan. Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif analitik. Métode déskriptif analitik dilakukeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta/data-data anu satuluyna dianalisis (Ratna, 2013, kc. 53). Tujuan tina ieu métode nya éta pikeun ngadéskripsikeun atawa ngajelaskeun gambaran sistematis ngeunaan sumber data anu ditalungtik.

Ieu métode dipaké pikeun ngadéskripsikeun ajén moral jeung struktur carita unggal carpon dina kumpulan carpon *Sanggeus Umur Tunggang Gunung* karya Usép Romli H.M, anu satuluyna baris dilarapkeun pikeun bahan pangajaran maca carpon di SMP. Léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan nya éta:

1) ngumpulkeun data, mangrupa déskripsi carita unggal carpon nu aya dina kumpulan carpon *Sanggeus Umur Tunggang Gunung* karya Usép Romli H.M;
2) ngadéskripsikeun tema carita jeung fakta carita (galur, tokoh jeung penokohan, jeung latar) nu aya dina kumpulan carpon *Sanggeus Umur Tunggang Gunung* karya Usép Romli H.M;
3) nganalisis ajén moral dina unggal tema carita jeung tokoh jeung penokohan nu aya dina kumpulan carpon *Sanggeus Umur Tunggang Gunung* karya Usép Romli H.M;
4) ngawilah-wilah carpon mana waé anu luyu pikeun dijadikeun bahan pangajaran maca di SMP; jeung
5) ngadéskripsikeun hasil penapsiran jeung kacindekan hasil analisis.

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nya éta gambaran umum panalungtikan nu mangrupa prosés atawa léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun panalungtikan. Desain anu dipaké dina ieu panalungtikan kagambar saperti ieu di handap.

Pepy Sri Anjarsari, 2015
Ulikan Struktural Jeung Ajén Moral Dina Kumpulan Carpon Sanggeus Umur Tunggang Gunung Karya Usép Romli H.M. Pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

3.2 Sumber Data

Sumber data dina panalungtikan nya éta subjék asal (ti mana) data dicokot. Upama panalungtikan téh maké dokuméntasi, dokumén mangrupa sumber data, ari eusi dokumén disebut subjék panalungtikan atawa variabel panalungtikan (Arikunto, 2010, kc. 172). Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta buku kumpulan carpon *Sanggeus Umur Tunggang Gunung* karya Usép Romli H.M.

3.2.1 Déskripsi Buku



Gambar 3.1 Jilid Hareup Buku

Buku kumpulan carpon *Sanggeus Umur Tunggang Gunung* karya Usép Romli H.M ieu dipedalkeun ku PT. Kiblat Buku Utama, citakan kahiji bulan Nopémber taun 2009. Ukuranana 14,5 x 21 cm, kandelna 95 kaca, nu ngawengku salapan judul carpon. Carpon kahiji judulna *Lauk Cimanuk* ngawengku 16 kaca, carpon kadua judulna *Néangan Pajaratan* ngawengku genep kaca, carpon katilu judulna *Sanggeus Umur Tunggang Gunung* ngawengku 13 kaca, carpon kaopat judulna *Tangkal Buah Pipireun Imah* ngawengku salapan kaca, carpon kalima judulna *Aki Jumli Milu Pemilu* ngawengku genep kaca, carpon kagenep judulna *Tawuran* ngawengku 10 kaca,

carpon katujuh judulna *Tower* ngawengku 15 kaca, carpon kadalapan judulna *Ahli Waris* ngawengku genep kaca, jeung carpon kasalapan judulna *Kasaktén Abah Suma* ngawengku tujuh kaca.

Dina buku kumpulan carpon sok dipidangkeun ilustrasi dina jilidna, éta ilustrasi téh biasana aya patula-patalina jeung caritaan anu aya dina éta kumpulan carpon. Kumpulan carpon *Sanggeus Umur Tunggang Gunung* ieu diilustrasikeun ngaliwatan jilidna. Jilid anu warna bodas digambaran ku lukisan "Pasosoré di Basisir Cisolok" anu ngagambarkeun panonpoé anu tunggang gunung. Éta lukisan téh dijieun ku Yus Rusamsi.

Dina jilid tukangna mah polos euweuh gambaran, tapi aya tulisan nu nyaritakeun eusi salasahiji carpon, anu judulna *Sanggeus Umur Tunggang Gunung*, anu luyu jeung judul kumpulan carpon. Tulisanana sakumaha nu dipedar ieu di handap.

> Bari ngalempréh teu daya teu upaya, Japarana nyileuk. Kabéh geus laleungitan ti sakuriling dirina. Sora tonggérét. Sora turaés. Dalah sora sinsow ragaji mesin nu ngagalaksak ogé, geus teu ka déngé. Bareng jeung rubuhna tatangkalan. Bareng jeung bungbangna leuweung, bulistirna pasir jeung gundulna gunung.
>
> "Sagala karasa. Sagala kaharti. Sanggeus sagala karasa nyiksa awak," Japarana humarurung. Nahan kanyeri. Nahan kahanjelu. Nahan pananya, naha malakalmaot tacan datang mapag. Jeung ngira-ngira kasanggup nanggung jawab rupa-rupa kalakuan, ti barang kasebut balég nepi ka umur tunggang gunung, di mahkamah yaumul ahir engké.

3.5.2 Biografi Singget Pangarang

Gambar 3.2 Usép Romli

Usép Romli H.M. gumelar di Limbangan, Garut kaping 16 April 1949. Usép Romli lulus ti Sekolah Pendidikan Guru tuluy jadi guru SD di Kadungora, Garut (1966-1983). Anjeunna ogé jadi koréspondén pikeun *Fusi* (1972), *Giwangkara* (1972-1976), *Pelita* (1977-1979), *Sipatahunan* (1979-1980). Diangkat jadi Kepala Subséksi Pendidikan Bahasa Daérah SD, Dinas Pendidikan dan Kebudayaan Provinsi Jawa Barat (1983). Anjeunna ménta eureun tina PNS, lantaran hayang sapinuhna icikibung dina dunya kapangarangan jeung kawartawanan. Tuluy jadi wartawan *Pikiran Rakyat* Bandung.

Kungsi ngajalankeun tugas jurnalistik ka sawatara patempatan nu harénghéng ku perang. Kayaning Irak, Israél, Paléstina, Afganistan, Bosnia-Hérzégovina (1989-1994), jsb. Kaasup Acéh jaman DOM (1992) jeung Ambon katut sakulah Maluku waktu uru-ara Islam-Kristen (2000). Kungsi deuih ngalanglang Éropa Barat, Éropa Timur, jeung nagra-nagara nu kungsi jadi puseur kajayaan umat Islam, saperti Afrika Kalér, Spanyol, India, Turki, Mesir, Yaman, Iran, Asia Tengah, jsb.

Salian ti icikibung di dunya kawartawanan, Usép Romli minangka tokoh anu kuat pisan kana agamana, ku kituna dua hal éta téh dijadikeun modal pikeun nulis karya-karya sastrana, diantarana *Ceurik Santri* (kumpulan carpon), *Jiad Ajengan* (kumpulan carpon), *Paguneman jeung Fir'aon* (kumpulan carpon), *Dulag Nalaktak* (kumpulan humor), *Oray Bedul Macok Mang Konod* (kumpulan humor), *Percikan Hikmah* (anékdot sufistik), *Zionis Israél di balik Serangan AS ke Irak* (analisa), *Béntang Pasantrén* (novél), *Dalingding Angin Janari* (novél), *Sapeuting di Cipawening* (kumpulan carpon). Nu baris terbit, *kumpulan carita tarjamahan ti Rusia, Amérika jeung Iran Kahadéan Manusa*.

Penghargaan-penghargaanna di antarana Hadiah Sastra *Manglé* (1977), Hadiah Sastra LBSS (1955) pikeun puisi, Hadiah Sastra LBSS (taun 2001 jeung 2004) pikeun essay, Hadiah Sastra LBSS (2007) pikeun carpon, Hadiah Sastra Rancagé (2010) pikeun buku kumpulan carpon *Sanggeus Umur Tunggang Gunung*, Hadiah Sastra Rancagé pikeun jasana di dunya sastra Sunda, Garut

Award 2010 penghargaan aktivitas seni budaya, sarta Anugerah Budaya Pemprov. Jabar kategori Seni Sastra (2012).

Dina organisasi kamasarakatan, jadi anggota pengurus Déwan Masjid Indonesia (DMI) Jawa Barat, panaséhat Lajnah Ta'lifwan Nasr PWNU Jabar, Ketua MUI Kec. Cibiuk, Garut, sarta pembimbing ibadah haji-umroh di Biro Perjalanan Haji Umroh "Megacitra" jeung KBIH "Mega Arafah" Bandung. (Romli H.M, 2009, kc. 1)

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah nu pangpentingna dina hiji panalungtikan. Nurutkeun Sugiono (2010, kc. 224), ngumpulkeun data bisa dilakukeun dina sababaraha kaayaan, sababaraha sumber, jeung sababaraha cara. Hal-hal nu kudu diperhatikeun dina téhnik ngumpulkeun data aya tilu bagian nyaéta léngkah tatahar saacan panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung instrumén panalungtikan saperti nu dipedar ieu di handap.

3.3.1 Léngkah Tatahar

Samémèh panalungtikan, aya sababaraha léngkah nu kudu dipilampah sarta disiapkeun sangkan panalungtikan bisa lumangsung sacara lancar. Léngkah-léngkah tatahar dina ieu panalungtikan nyaéta:

1) ngajukeun judul panalungtikan;
2) nangtukeun masalah jeung objék nu rék ditalungtik;
3) ngumpulkeun sumber data panalungtikan ku cara talaah pustaka; jeung
4) nyieun proposal panalungtikan.

3.3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina ngumpulkeun data-data ieu panalungtikan, ngagunakeun téhnik studi pustaka. Téhnik studi pustaka digunakeun pikeun ngumpulkeun data anu baris dianalisis kalawan maké cara nalaah sababaraha pustaka sangkan bisa neuleuman téori-téori nu aya patalina jeung garapan panalungtikan. Objék dina ieu panalungtikan nya éta buku kumpulan carpon *Sanggeus Umur Tunggang Gunung* karya Usép Romli H.M. Data nu kakumpulkeun mangrupa data nu luyu jeung tujuan nu hayang dihontal.

3.3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén mangrupa alat nu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data dina hiji panalungtikan (Arikunto, 2010, kc. 150). Instrumén panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta kartu data jeung tabél. Kartu data dipaké ngan saukur pikeun téma jeung latar, sedengkeun tabél digunakeun pikeun nganalisis ajén moral.

Format kartu data saperti ieu di handap.

Tabél 3.1 Kartu Data Téma

No : Kode Carpon : Téma : Kaca : Cutatan : …….. ……..

Tabél 3.2 Kartu Data Latar

No : Kode Carpon : Latar Tempat : Latar Waktu : Latar Sosial : Kaca : Cutatan : …… …….....

Katerangan

T: Téma

Lt: Latar

LtT: Latar tempat

LtW: Latar waktu

LtS: Latar sosial

Kode Carpon

I : *Lauk Cimanuk*

II : *Néangan Pajaratan*

III : *Sanggeus Umur Tunggang Gunung*

IV : *Tangkal Buah Pipireun Imah*

V : *Aki Jumli Milu Pemilu*

VI : *Tawuran*

VII : *Tower*

VIII : *Ahli Waris*

IX : *Kasaktén Abah Suma*

Conto analisis dina kartu data téma carpon nya éta:

… balukar tina leuwih mentingkeun hobi ti batan ngalaksanakeun solat.

Cutatan: Ari Muhdiat mah ngalaman rék dikoroyok monyét. Mun teu kaburu lumpat, bari gogorowokan, duka kumaha. (1/T/I/16)

Harti éta kode data téh nya éta analisis téma carpon kahiji tina carpon *Lauk Cimanuk,* dina kaca 16. Hasil analisis ajén moral tina jeung tokoh jeung penokohan diasupkeun kana tabél kalawan format saperti dina tabél 3.3.

Tabél 3.3 Format Penggolongan Ajén Moral dina Kumpulan Carpon *Sanggeus Umur Tunggang Gunung*

No	Ajén Moral	Kode Carpon									Indikator		H/V
		I	II	III	IV	V	VI	VII	VIII	IX	(+)	(-)	

Katerangan

+ : Sikep nu luyu jeung norma moral/ hadé/ positif

- : Sikep nu teu luyu jeung norma moral/ goréng/ négatif

H : Horizontal (hubungan jeung Gusti Allah)

V : Vertikal (hubungan jeung papada mahluk)

3.4 Analisis Data

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan nya éta ngagunakeun téhnik analisis data. Téhnik analisis data digunakeun pikeun ngadéskripsikeun data ngagunakeun ulikan struktural sarta ngarumuskeun hal-hal anu patali jeung ajén-ajén dina kumpulan carpon, tuluy dianalisis dumasar kana ajén moralna. Data anu dikumpulkeun dina ieu panalungtikan tuluy dianalisis dumasar kana léngkah-léngkah ieu di handap.

1) Maca unggal carpon anu aya dina kumpulan carpon *Sanggeus Umur Tunggang Gunung* karya Usép Romli H.M.;
2) Nyirian jeung ngasupkeun kana kartu data unggal téma, jeung latar nu aya dina kumpulan carpon *Sanggeus Umur Tunggang Gunung* karya Usép Romli H.M.;
3) Ngadéskripsikeun téma carita jeung fakta carita (galur, tokoh jeung penokohan, jeung latar) nu geus dicirian, tuluy nganalisis ajén moral dina kumpulan carpon *Sanggeus Umur Tunggang Gunung* karya Usép Romli H.M.;
4) Ngawilah-wilah carpon mana waé anu luyu pikeun dijadikeun bahan pangajaran maca di SMP tuluy nyieun bahan pangajaran.